

Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**PANDAN MISION SOLIDARITE AK KOMÈSYAL LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANSANM  
AK OTORITE INOVASYON ISRAEL YO ANONSE AKÒ PATENARYA POU 2  
MILYON DOLA POU ANKOURAJE NOUVÈL OPÒTINITE DEVLOPMAN  
EKONOMIK YO ANT DE ETA YO**

***Patenarya Inovasyon Vil Entelijan yo Pral Pataje Teknoloji Inovatif yo, Rechèch,  
Talan ak Resous Biznis yo Ant Vil yo ki nan New York ak Israel***

***Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè a Pral Fokis sou Sipòte Envestisman Israel yo nan  
New York Ki Enkli nan Domèn Sekirite Enfòmatrik, UAS/Dwòn yo, Teknoloji Byo  
yo, Syans Lavi yo ak Enèji Pwòp***

***Anons Ki Te Fèt nan Panèl Diskisyon sou Devlopman Ekonomik yo Jodi a pou  
Idantifye Opòtinite pou Biznis Israel yo Fè Patenarya ak New York - Gade Foto  
yo [La a](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon akò patenarya 2 milyon dola ak Otorite Inovasyon Israel yo (Israel Innovation Authority) pou de nouvo pwogram ki pral ranfòse pi plis lyen devlopman ekonomik yo ant Eta New York ak Israel. Empire State Development (ESD) pral siyen yon Deklarasyon Entansyon (Declaration of Intent, DOI) ak Otorite Inovasyon Israel yo pou kowopere nan ko-devlopman ak komèsyalizasyon solisyon inovatif yo nan domèn sekirite enfòmatrik, apwovizyonman, vil entelijan yo, enèji, veyikil ayeryen san ekipaj yo (Unmanned Aerial Vehicles, UAS), syans lavi yo ak lòt domèn yo. Nan kad akò a, Eta New York ak Israel pral etabli yon Patenarya Inovasyon Vil Entelijan yo (Smart Cities Innovation Partnership), ki se yon nouvell inisyativ ki pral pataje teknoloji inovatif yo, rechèch, talan ak resous biznis yo ant vil yo ki nan New York ak Israel. Gouvènè a te anonse tou ke Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè (Hot Spot and Incubator Program) Eta New York yo pral kounye a mete yon nouvo fokis sou konpayi Israel yo ki vle envesti nan Empire State.

"Relasyon ekonomik New York-Israel lan li inik epi li djanm, men nou vle fè li vin menm pi bon. Avni New York se pral kwasans nan sektè teknoloji, epi inisyativ konjwen sa a ant New York ak Israel pral devlope nouvell opòtinite ki ap pèmèt toulède ekonomi yo pwospere pi plis", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ak ogmantasyon atak anti-Semit yo nan Eta nou an ak atravè nasyon an, nou la pou di jan ke nou tris, santi nou wont epi degoute dèske nou ap viv ensidan sa yo, e ke nou pa pral kite sa kontinye konsa. Nou pral depase peryòd divizyon ak layèn lèd sa a, epi youn nan fason pou fè sa se nan kontinye devlope relasyon kiltirèl, politik ak ekonomik pwofon sa a."

**Dr. Ami Appelbaum, Prezidan Otorite Inovasyon Israel yo ak Syantifik An Chèf nan Ministè Ekonomi ak Endistri a, te deklare,** "Pandan teknoloji ap vanse epi touche chak fasèt nan lavi jounalye nou, avni Vil Entelijan yo prèske pral rive epi li depann anpil

sou nouvèl teknoloji ki inovatif yo. Kolaborasyon ant ESD (Empire State Development nan Eta New York) ak Otorite Inovasyon Israel (Israel Innovation Authority) yo, ki fasilite pa biwo Operasyon Amerik (Americas Operations) yo ak Ministè Ekonomi (Ministry of Economy), Administrasyon Komès Eksteryè (Foreign Trade Administration, FTA), ki dirije pa Mr. Inon Elroy, Minis Ekonomik nan Amerik Nò, pral bay jèn konpayi yo yon opòtinite pou espas validasyon pilòt yo pou abòde enkyetid estratejik yo nan toulède Eta a yo tankou sekirite enfòmatis, apwovizyonman, enèji, sante, transpò, dlo ize, dlo, angajman sivik, pak yo, travay piblik yo, ak sekirite."

### **Deklarasyon Entansyon ak Otorite Inovasyon Israel yo**

Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy and Development Authority, NYSERDA) ak Otorite Inovasyon Israel la te siyen Deklarasyon Entansyon an k ap ajoute sou yon MOU 2018 pou sipòte patenarya ant New York ak Israel ki konsantre sou nouvo pwòje enèji pwòp yo ki pral akselere nivo inovasyon sou espas mache global la. Empire State Development ak Otorite Inovasyon Israel yo pral siyen yon Deklarasyon Entansyon kote Eta New York ak Gouvènman Israel lan pral pran angajman pou:

- Fasilite aksè pou jèn konpayi ak konpayi New York ak Israel yo a akseleratè ak enkibatè yo nan toulède kote yo (ki enkli tou men ki pa limite a Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè New York lan);
- Fasilite kolaborasyon ki vize devlope yon "Patenarya Inovasyon Vil Entelijan yo", kote New York ak Israel pral kontribiye yon kantite resous konplèman ekivalan, epi yo pral bay espas pilòt ak validasyon ki apwopriye pou konpayi ki ap patisipe yo nan toulède Eta yo pou abòde enkyetid estratejik toulède Eta yo tankou sekirite enfòmatis, apwovizyonman, enèji, sante, transpò, dlo ize, dlo, angajman sivik, pak yo, travay piblik yo, ak sekirite;
- Bay solisitasyon konjwen pou pwòje Inovasyon yo epi òganize aktivite pou antite ki soti nan Eta Israel ak Eta New York yo ki ap pwomouvwa kowoperasyon nan Inovasyon ant antite ki soti nan Eta Israel ak nan Eta New York yo; epi
- Etabli yon gwoup travay pou eksplòre fason sa yo ak lòt fason pou travay ansanm nan Patenarya Inovasyon Vil Entelijan yo ak lòt pwogram inovasyon yo.

### **Patenarya Inovasyon Vil Entelijan yo**

Patenarya Inovasyon Vil Entelijan yo, ki pral gen ladan Empire State Development ak Otorite Inovasyon Israel yo, pral bay yon sibvansyon pou etabli senk Vil Entelijan nan rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council, REDC) ki nan New York ak espas pou fè tès yo nan Israel. Espas yo ki nan New York ak Israel pral fè patenarya pou bay opòtinite pou konpayi yo ka eksplòre nouvo mache ak resous yo pou asiste devlopman biznis, akselerasyon teknoloji ak sipèvizyon. Empire State Development, an konjonksyon ak Otorite Inovasyon Israel yo, pral bay yon sibvansyon 2 milyon dola pou sipòte Patenarya Inovasyon Vil Entelijan yo, ak chak ajans ki ap kontribiye ak yon sibvansyon konplèman 1:1. Vil ki ap patisipe nan Patenarya a yo ta dwe gen enkyetid ak objektif estratejik ki similè yo.

Nan chak vil, yo pral chwazi zòn ki pou fè tès pou youn nan objektif nou pral site la yo:

- Nouvèl telnoloji ki ap emèje yo
- Sekirite enfòmatak
- Apwovizyonman
- Siveyans an tan reyèl sèvis piblik yo
- Retire kontaminan nan dlo yo
- Tès UAS ak/oswa veyikil otonòm yo
- Sistèm trafik sikilasyon yo

Patenarya a pral envite tou antreprenè global, akademik, teknolojis, ak konpayi yo pou vin teste, devlope epi valide teknoloji inovatif yo. Patenarya yo pral enkli opòtinite pou etidyan ak travayè yo ka devlope pi plis konesans ak eksperyans yo. Chak Vil Entelijan pral òganize yon jou Avni Teknoloji ki ap gen ladan opòtinite pou konpayi yo ka eksplòre nouvo mache yo.

### **Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè Eta New York lan pral Mete Nouvo Fokis sou Konpayi Israel yo**

Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè Eta New York lan, ki se yon pwogram ki koute 5.125 milyon dola, pral mete yon nouvo fokis sou konpayi Israel yo. Pwogram lan ap bay sipò pou divès sektè teknolojik, ki enkli sekirite enfòmatak, UAS/Dwòn yo, teknoloji byo yo, syans lavi yo, enèji pwòp, efikasite enèjetik, ak priyòrizasyon enklizyon MWBE. Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè a pral ofri sèvis bay nouvèl konpayi yo, sa ki ap etabli Eta New York pi plis kòm yon santral pou komèsyalizasyon kolaboratif.

Yon akò resipwòk pral an plas pou ke konpayi Eta New York yo gen espas ak sipò ki soti nan Akseleratè ak Enkibatè Israel yo, epi alafwa direktè pwogram Israel ak New York yo pral aktivman sipèvizè epi rekrute konpayi pou patisipe nan pwogram sa a.

Divizyon Syans, Teknoloji ak Inovasyon (Division of Science, Technology and Innovation, NYSTAR) Empire State Development lan ap jere Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè a, ki gen ladan plis pase 30 sant ki konsantre sou asiste konpayi ki nan premye faz yo epi fè vanse teknoloji.

Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè a pral travay ansanm tou ak SUNY ak CUNY pou devlope opòtinite fòmasyon yo pou etidyan yo ak lòt kolaborasyon yo.

Sèvis adisyonèl ke Pwogram Zòn Cho ak Enkibatè a bay yo gen pami yo sipèvizyon, konseye, aksè a atelye kan sezonye yo, sipò teknik pou komèsyalizasyon rechèch, espas fizik ak aksè a chèchè yo ak ekipman yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare,** "Patenarya ekonomik ant New York ak Israel se yon pati ki enpòtan nan kwasans ak inovasyon ki ap sipòte yo toulède, epi nouvo patenarya sa yo pral ranfòse kowoperasyon ekonomik nan yon seri priyòrite soti nan dwòn yo pou rive nan syans lavi yo, epi benefisye a konpayi ak antreprenè New York ak Israel yo."

**Rektris SUNY an Kristina M. Johnson te deklare,** "Edikasyon pwochè jenerasyon travayè ki kalifye anpil yo se nwayo misyon SUNY an epi nou kontan anpil pou nou fè pati de nouvèl kolaborasyon eksitan sa a ak Israel. Patenarya kle sa a pral bay etidyan nou yo yon aksè inik a avansman revolisyonè yo nan rechèch nan sektè teknoloji, ki

pral yon lòt fwa ankò etabli New York kòm yon lidè nan inovasyon ak edikasyon siperyè."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)